



Orange Township Public Schools

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.
Office of the Superintendent



15 Out 2022

Nou Salye Tout Kominote Lekòl Piblik Distri Vil Orange lan,

Nan kèk semèn, Lekòl Piblik distri Orange lan pral relouvri pou anplwaye yo ak elèv yo. Pandan mwa ete yo, Konsèy Depatman Edikasyon an, lidè distri yo, ak ekriven kourikoulòm yo te antre nan yon misyon pou travay avèk dilijans pou bay yon tranzisyon entansyonèl ak san pwoblèm pandan ke n'ap kòmanse Ane Lekòl (SY) 2022-2023 a. Pandan twa dènye ane ki sot pase yo, nou te kapab selebre siksè ki gen ladan men ki pa limite a patenarya estratejik avèk Apple ki te pèmèt distri nou an ranmase plis pase \$300,000.00 nan efò pou pwomouvwa kou syans enfòmatik nou an nan lekòl segondè local nou yo, Forest Street Community School ap vin tounen. yon National Beacon Blue Ribbon School of Excellence yon Lekòl Nasional Ekselans), Bousdetid ki totalize plis pase 26 milyon dola ane lekòl ki sot pase a, se pi gwo kantite lajan nou te ranmase nan distri lekòl nou an, ak kreyasyon Moving into Excellence (Avanse nan Ekselans), plan estratejik senk ane yo. Antanke yon kominote lekòl nou te apiye youn sou lòt, nou te grandi nan lesson nou te aprann epi selebre siksè nou antanke yon sèl Orange. Naratif nou an ap pran momantòm non sèlman nan tout eta a men nan tout peyi a. Sa enpòtan paske bati relasyon enpòtan anpil pou mouvman nou antanke distri. Mwen pral kontinye ankouraje ke siksè vini de fwa lè nou travay ansam. Mwen vle pataje ke nou te kreye yon Ane nan Revizyon. Distri a pral kontinye pataje istwa nou an ki pral ba w yon pèspektiv sou bagay ki akonpli ane lekòl k'ap vini an.

Ala yon bèl eksperyans ete pou etidyan nou yo pandan mwa Jen jiska Out la. Pou administratè ete nou yo, mèsi paske n'ap dirije pwogram solid sa yo. Pou manm pèsonèl ansèyman ak sipò pandan ete nou yo, nou pa't 'kapab fè travay sa a san ou. Pou kokenn entelekyèl nou yo, mwen espere eksperyans ete ou nan distri a te ba w enèji ak pare pou mwa Septanm lan. Pou paran nou yo, mèsi dèské w te konfye nou pitit ou yo nan sezón ete a ak pi lwen.

Pandan ke n'ap antre nan ane eskolè 2022-2023 a, mwen mande pou nou kontinye fè youn lòt konfyans, travay kòm yon sèl initiate, epi finalman bay sipò pou elèv nou yo ak anplwaye nou yo kontinye avanse soti de "Bon a Ekselan." Pandan twa dènye ane yo, nou sèten nou te vin konnen youn lòt nan plizyè fason. Kòm yon rapèl, adrès imèl nou an reopeningofschools@orange.k12.nj.us ap rete disponib pou w poze kesyon epi jwenn repons nan tan reyèl nan men Ekip Sipètentandan an. Sa a se yon espas ki an sekirite pou poze kesyon, kidonk w'ap jwenn enfòmasyon egzat epi alè.

Mwen ta renmen pwofite okazyon sa a pou'm akeyi nouvo anplwaye nou yo nan distri a. Lè w fè pati anpil entèvyou, ou kontinye montre vre sans poukisa n'ap kontinye gen gwo pouvwa. Antanke Sipètentandan Lekòl yo, mwen espere wè nou chak nan aksyon, men sa ki pi enpòtan, m'ap pataje bèl eksperyans yo.

Pandan ete a, te gen kèk chanjman administratif ke mwen vle ou dwe okouran de yo. Manm pèsonèl sa yo te nonmen nan divès pozisyon administratif pandan tout sezón ete a.

Rosa Parks Community School: Nouvo Direktris Asistan: Ms. Sandra Guerra

Orange High School: Direktè Asistan: Yoniel Lopez, Ed.D.

Orange Preparatory Academy of Inquiry and Innovation: Nouvo Direktè Asistan: Mr. Michael Dixon

Forest Street Community School: Nouvo Direktris Asistan: Ms. Shannon Keogh

Cleveland Street/Central Schools: Nouvo Direktris Asistan: Ms. Daniele Washington

Lincoln Avenue School: Nouvo Direktris Asistan: Ms. Aimie McKenzie-Smith

Sipèvizè ELA Klas 9yèm-12yèm ane: Ms. Marcey Thomas

Pou ajoute, distri a vle anonse tou antrenè ki nonmen yo ki pral ede avèk pedagoji epi Pratik yo. Anplis de sa, nou te ajoute yon Pozisyon Jistis Restoratif tou nan Orange Preparatory Academy of Inquiry and Innovation. Mamm pèsonèl sa yo te nonmen nan pozisyon sa yo:

Kowòdonatè Jistis Restoratif: Orange Preparatory Academy of Inquiry and Innovation: Mr. Tarell Harp

Biwo Edikasyon Espesyal ak Entèvansyon sou Konpòtman: Antrenè Edikasyon Espesyal K-12: Ms. Sharronda Tanner

Biwo Aprantisaj ki Konsantre sou STEM: Antrenè Klas Syans K-12: Ms. Giannine Facchini

Biwo aprantisaj ki konsantre sou STEM: Antrenè STEM Klas K-12: Mr. Mohamed Metwally

Mizajou sou Mete Mask Obligatwa: Apati de Madi 5 Jiyè 2022 a, mete mask obligatwa a te deplase nan yon estati opsyonèl pou lekòl distri nou an ak biling administratif yo. Pandan tout sezon ete a, mwen te wè anplwave yo ak elèv yo mete mask yo, e se te trè byen. **Si gen yon ogmantasyon nan ka nan distri lekòl la, mwen pral rezève opsyon pou retounen nan mete mask obligatwa pou yon peryòd ki pa espesifye.** Tanpri kontinye rete an sekirite pandan ke n'ap antre nan yon ane lekòl ki pral ranpli ak gwo bagay pou elèv yo ak anplwave yo. Kòm yon distri, nou pral kontinye avèk tès COVID yo. Natirèlman, sa a se opsyonèl, men nou te santi sikse nou te genyen avèk pwogram lan epi nou konsidere li nesesè nan moman sa a pou kontinye inisyativ la.

Dat pou Retounen nan Lekòl yo pou Anplwave ak Elèv yo: Kòm yon rapèl, premye jou pou anplwave yo se Jedi 1ye Septanm 2022. Premye jou a pral kòmanse avèk Konvokasyon Sipètentandan an ak lòt aktivite enteresan ki planife pou pote yon anplwave dinamik tounen ansanm sou yon sèl akò. Vandredi 2 Septanm 2022, se jounen fòmasyon pwofesyonèl nan lekòl la. Lendi 5 Septanm 2022, distri a ap fèmen nan obsèvans Jounen Travay la. Madi 6 Septanm 2022, se dènye jou fòmasyon pwofesyonèl distri a pou ANPLWYE SÈLMAN anvan elèv yo retounen Mèkredi 7 Septanm 2022.

Jou nou tout t'ap tann lan rive, 7 Septanm 2022, pral premye jou lekòl pou elèv nou yo. Sa a se sètènman yon moman enteresan pou tout distri lekòl la. Tanpri vizite sit entènèt distri a nan www.orange.k12.nj.us, klik sou Distri nou an nan lekòl yo pou wè pwovizyon ki nesesè pou elèv ou a retounen.

Nou Anonse Sware Retounen Lekòl yo (BTSN): Tout Sware Retounen Lekòl yo te anonse Semèn 1ye Out la atravè rezo sosyal nou yo ansanm ak sit entènèt distri a. Nou te vle jwenn dat yo soti pi vit posib pou rezon planifikasyon. Tanpri vizite sitwèb distri a nan www.orange.k12.nj.us. anba dènye nouvèl ak anons yo pou wè kalandriye pwogram BTSN pou tout distri a.

Kalandrive pou Kontinve Ane Lekòl sa: Ane sa a, nou pral kontinye pouse kalandriye yo chak mwa sou sit entènèt chak lekòl ak atravè rezo sosyal nou yo. Esper eke w'ap jwenn kalandriye Septanm lan pou chak lekòl 22 Out 2022.

Mizajou Sipètentandan an Chak Semèn: Wi, Mizajou Sipètentandan an Chak Semèn ap kontinye nan tout distri a apati de semèn 5 Septanm 2022 a. Mizajou sa a pral bay chak nan nou sans direksyon distri a ki gen rapò avèk pedagoji kontnyèl ak pratik ansanm ak byennèt ak pwogramasyon. Tanpri pran yon ti tan pou w li sa ki ladann kòmsadwa.

Lè pou Lekòl la Komanse ak Ranvave pou Anse Lekòl 2022-2023 a pou Anplwave ak Elèv yo

Nivo Lekòl la	Lè pou Elèv yo Rive	Lè pou Anplwave yo Rive	Lè Ranvwa pou Elèv yo	Lè Ranvwa pou Anplwave yo
Nivo Elementè (Ki Enkli Lekòl Preskolè yo)	8:30 AM	8:20 AM	3:00 PM	3:10 PM
Orange High School	8:20 AM	8:05 AM	2:40 PM	2:55 PM
Orange Preparatory Academy of Inquiry and Innovation	8:25 AM	8:15 AM	2:50 PM	3:05 PM

STEM Innovation Academy of the Oranges	8:20 AM	8:15 AM	Lè Lendi 2:20 PM pou Fòmasyon Pwofesyonèl Pwofesè yo Madi – Vandredi 3:30 PM	4PM* *ki enkli peye pou travay anplis
Twilight Program (Pwogram Lekòl Aswè)	3:30 PM* *3:00 PM – Manje Midi	3:00 PM	7:30 PM	7:30 PM

Tanpri sonje lè yo antijan diferan de ane lekòl anvan an. Mèsi pou bonjan sijesyon ou yo.

Objektif Distri v oak Rapèl Plan Estratejik la

Objektif distri yo ak plan estratejik yo se fòs ki gide nan devlopman Lekòl Piblik Distri Orange lan. Nou ankouraje w pou revize chak plan epi poze kesyon ki gen rapò ak devlopman tout timoun ansanm ak patenarya distri a ak fanmi yo.

Lyen sa a se pou Objektif Distri yo: <https://www.orange.k12.nj.us/Page/30018>.

Lyen sa a se pou Plan Estratejik la: <https://www.orange.k12.nj.us/domain/3344>.

Pou fanmi nou yo, mwen mande sa vin yon pati entegral nan abitid distri nou an. Ki sa sa a vle di? Antre nan PTO/PTA nan lekòl pitit ou a, vizite reyinyon komite vityèl Konsèy Depatman Edikasyon an atravè paj Facebook distri a epi patisipe nan reyinyon konsèy depatman edikasyon an chak mwa, epi sèvi kòm paran klas la. Ou gen yon chèz bò tab la, epi mwen mande pou ou asosye avèk nou. Nou aprann nan men tout moun ki gen enterè epi nou bezwen sipò ou.

Konsèy Depatman Edikasyon an pran angajman pou'l vizite plis kote posib pou ane lekòl sa a. Kòm yon pati nan vwayaj sa a, reyinyon konsèy yo pral evidan nan diferan lekòl atravè distri a. Nou mande pou w make kalandriye w yo epi ale nan:

Mwa Reyinyon Konsèy la	Lokal
Septanm	Orange Preparatory Academy of Inquiry and Innovation (Oditoryòm)
Oktòb	Lincoln Avenue School (Cafeteria)
Novanm	Rosa Parks Community School (Kafeterya)
Desanm	Park Avenue School (Kafeterya)
Janvye	Orange High School (Oksilyè Jimnaszyòm lan)
Fevriye	Oakwood Avenue School (Jimnazyòm)
Mas	Forest Street Community School (Jimnazyòm)
Avril	Central Elementary School (Oditoryòm)
Me	STEM Innovation Academy of the Oranges (Jimnazyòm)
Jen	Orange Preparatory Academy of Inquiry and Innovation (Oditoryòm)

Tanpri sonje ke tout Reyinyon Konsèy la ap kòmanse pou Fè Apèl a 6:00 PM epi yo pral pran yon poz nan Sesyon Egzekitif la pou fini a 6:45 PM pi bonè e pa pita pase 7:30 PM.

Mwen desann mwen byen ba ak santi'm onore pou'm sèvi bèl kominate sa a kòm Sipèèntandan ou. Mwen tèlman fyè pou'm dirije gwo distri sa a. Sitwayen nou yo chita sou tab la. Soti nan konsèy elèv ak paran nou yo rive nan reyinyon PTO/PTA nou yo, nou koute felisitasyon ou yo ansanm ak kesyon pou amelyorasyon yo nou byen resevwa ak apresye yo. Konfyans kontinyèl ou nan travay la entérésan anpil

Tanpri sonje tcheke sit entènèt nou an nan www.orange.k12.nj.us, anba dènye nouvèl ak enfòmasyon yo, the Orange App, ak rezo sosyal nou yo (Facebook, Twitter, ak Instagram), paske yo pral kontinye mete ajou pandan tout ane lekòl la.

Pou fini, n'ap tann tout anplwaye yo 1ye Septanm 2022, pou Konvokasyon Sipèèntandan an ak aktivite espesyal aprè konvokasyon ki LANSE Ane Lekòl (SY) 22-23 a ak elèv yo pou 7 Septanm 2022. Anplwaye, yon lòt komunikasyon sou Konvokasyon an ap vini anba kouvèti separe a.

Nan Patenarya avèk ou,

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.
Sipèèntandan Lekòl yo